# *АПОСТОЛ ИУАН*
# *ЯЩЭНЭРЭ ТХЫЛЪЭУ ЫТХЫГЪЭР*

## ШIуфэс ехыныр

Сэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм сащыщэу,* о Гай лъапIэу
шъыпкъагъэкIэ шIу слъэгъурэм мы тхылъыр къыпфэсэтхы.
[2]СилъапI, упсаоу, пстэумкIи утхъэжьэу ущыIэнэу Тхьэм
селъэIу, угурэ упсэрэ зэрэпсэфырэм фэдэу. [3]Сыда пIомэ тшы куп
заулэ къакIуи, о уишъыпкъагъэ тегущыIэхэзэ, шъыпкъагъэм
тетэу узэрэзекIорэр къызаушыхьатым, лъэшэу сыгушIуагъ.
[4]Сибынхэр шъыпкъагъэм тетхэу зэрэзекIохэрэр зызэхэсхыкIэ, ащ
нахьи нахь гушIогъошхо зи сиIэп.
[5]СилъапI, тшыхэр хымэхэу щытхэ пэтми, шIоу афапшIэрэмкIэ
шъыпкъагъэ уиIэу озекIо. [6]Ахэмэ чылыс зэIукIэм ыпашъхьэ
уишIулъэгъуныгъэ къыщыфаушыхьатыгъ. Тхьэм ыгу зэреIурэм
тетэу, ягъогукIэ ахэмэ IэпыIэгъу уафэхъумэ, шIу пшIагъэу мэхъу.
[7]Сыда пIомэ а тшыхэм шIошъхъуныгъэ зимыIэхэм IэпыIэгъу зи
къаIамыхэу, Христос ыцIэ пае гъогум техьагъэх. [8]Арышъ, ащ
фэдэ цIыфхэм IэпыIэгъу тафэхъун фае, Iофэу шъыпкъагъэм
фашIэрэмкIэ гъусэ тафэхъуным пае.

1 Сэ чылыс зэIукIэм инахьыжъхэм сащыщэу – еплъ Якъубэ 5:14.

## Диотрефрэ Димитрыйрэ

[9]Чылыс зэIукIэм тхылъ фэстхыгъ, ау Диотрефэу ахэмэ пащэу
афэхъунэу фаем тидэрэп. [10]Арышъ, сыкъызыкIокIэ, Iофхэу ащ
ышIэхэрэр къэзгъэнэфэщтых, гущыIэ IаехэмкIэ
къызэрэттегущыIэрэр ары. Ащи къыщымыуцоу тшыхэр
ригъэблагъэхэрэп, езыгъэблэгъэнхэу фаехэми афимыдэу апэуцу,
чылыс зэIукIэми чIефыжьых.
[11]СилъапI, ер зышIэрэм илъэужхэм шъуарымыкIоу, шIугъэ
зышIэрэм илъэужхэм шъуарыкIо. ШIугъэ зышIэрэр Тхьэм ибын.
Ер зышIэрэм шIошъхъуныгъэкIэ Тхьэр ылъэгъугъэп. [12]ЦIыф
пстэури Димитрый шIукIэ шыхьат къыфэхъух, ежь
шъыпкъагъэри шIукIэ ащ шыхьат фэхъу. Тэри шIукIэ шыхьат
тыфэхъу, тишыхьатныгъи зэрэшъыпкъэр ошIэ.

## Аужырэ шIуфэс гущыIэхэр

[13]Къыпфэстхынэу сиIэр бэ, ау джы къэлэмрэ мэрчэп
къамзыйрэкIэ къыпфэстхынэу сыфаеп. [14]ШIэхэу услъэгъунышъ,
тызэдэтIысэу тызэдэгущыIэным сыщэгугъы.
[15]Гупсэфыныгъэ уиIэу опсэу. МыщкIэ щыIэ ныбджэгъухэми
шIуфэс къыуахыжьы. МодэкIэ щыIэ ныбджэгъухэм ацIэкIи
шIуфэс сфяхыжьи, аIапэ сфэубытыжь. Амин.